

Deklarasyon Taks pou Ane 2025 pou Imigran

Èske imigran oblije peye taks federal?

Petèt. Sa depann de:

- konbyen revni ou genyen, ak
- estati rezidans fiskal ou.

Jwenn plis enfòmasyon sou kilès ki dwe fè deklarasyon taks sou [sitwèb IRS la](#).

Èske mwen dwe fè deklarasyon taks si revni mwen ba?

Non, sof si revni ou depase kantite minimòm pou fè deklarasyon an, oswa si ou dwe taks kòm travayè endepandan. Sepandan, lè w fè deklarasyon taks, sa ka ede si ou planifye pou aplike pou yon kat rezidans (grinkat) oswa pou sitwayènte. Ou ka elijib tou pou resevwa yon ranbousman.

Èske IRS pataje enfòmasyon kontribyab yo ak ICE?

Yo pa sipoze pataje enfòmasyon sou taks. Men an 2025, IRS te bay ICE enfòmasyon sou 47,000 kontribyab imigran ki te gen lòd depòtasyon.

Ki enfòmasyon IRS te bay ICE?

ICE te resevwa adrès kèk kontribyab imigran yo ka vle depòte.

Èske ICE ka jwenn plis enfòmasyon sou kontribyab nan men IRS?

Pa pou kounye a. Tribinal yo te di IRS ke apati mas 2026, yo pa dwe bay ICE okenn lòt enfòmasyon sou kontribyab. Men sa ka chanje.

Si ICE gen adrès mwen, èske mwen ta dwe fè deklarasyon taks?

Si ICE deja gen adrès ou, si w fè deklarasyon taks sa pa ogmante risk ou. ICE gen anpil lòt fason pou l jwenn adrès ou, pa egzanp, lè yo gade enfòmasyon ki soti nan dosye imigrasyon. Si ou konnen gouvènman an pa gen adrès ou epi ou gen enkyetid pou fè deklarasyon taks ou, pale ak yon avoka imigrasyon.

Si ou pa fè deklarasyon taks ou kounye a men ou sipoze fè li, ou ka oblije peye plis lajan apres a oswa fè fas ak pwoblèm legal pi devan.

Èske règleman taks yo chanje pou imigran?

Apati ane 2025, plizyè fanmi imigran pa ka resevwa Kredi Taks pou Timoun ankò. Pou plis enfòmasyon, gade nan [fich enfòmasyon](#) sa a.

Èske mwen ka jwenn èd pou m fè deklarasyon taks mwen?

Anpil imigran kalifye pou èd gratis avèk deklarasyon taks yo atravè [sit VITA yo](#). Ou kapab jwenn lojisyèl taks gratis tou sou [sitwèb IRS la](#).

Sitiyasyon komen pou kontribyab imigran

Istwa sa yo se egzanp ki pa reyèl ki ka ede ou reflechi sou pwòp sitiyasyon ou lè w ap fè deklarasyon taks.

<ul style="list-style-type: none"> √ Imigran selibatè √ Kat rezidans (grinkat) √ Travay aplentan √ Oblije fè deklarasyon taks 	<p>Marisol gen yon kat rezidans (grinkat). Li gen yon travay aplentan epi li te touche \$42,000 ane pase. Paske li se yon adilt selibatè ki gen mwens pase laj 65 an, epi revni li plis pase \$15,750, li oblije fè yon deklarasyon taks federal.</p> <p>Lè li fè deklarasyon taks sa ka ede tou pou aplikasyon sitwayènte l ap fè alavni, paske sa montre li te viv e li te travay Ozetazini epi li respekte lwa federal. Antanke yon rezidan pèmanan legal, li pa gen anpil risk pou IRS ak ICE pataje enfòmasyon li alavni.</p>
<ul style="list-style-type: none"> √ Imigran marye √ San papyè √ Gen timoun √ Konjwen an se yon sitwayen ameriken √ Fè deklarasyon taks opsyonèl 	<p>Miguel pa gen papyè epi li marye ak Rosa, ki se yon sitwayen ameriken. Li gen yon ITIN. Yo gen 2 timoun piti ansanm. An 2025, yo te touche ansanm yon total \$29,000 kòm anplwaye. Yo pa oblije fè deklarasyon taks paske yo te touche mwens pase kantite minimòm pou estati "marye ki fè deklarasyon ansanm" (\$31,500).</p> <p>Men si yo fè deklarasyon, yo pral kalifye pou Kredi Taks pou Timoun, paske Rosa gen yon Nimewo Sekirite Sosyal, epi yo ka resevwa yon ranbousman taks. Yo gen enkyetid sou kesyon kontwòl imigrasyon, men ICE deja gen adrès yo atravè dosye imigrasyon Miguel ki toujou aktif. Yo deside fè deklarasyon taks pou yo ka resevwa ranbousman an.</p>
<ul style="list-style-type: none"> √ Imigran marye √ San papyè √ Gen kat rezidans (grinkat) √ Konjwen an planifye pou l esponsòrizasyon √ Oblije fè deklarasyon taks 	<p>Tae ak Daniel marye. Tae pa gen papyè. Daniel gen yon kat rezidans (grinkat) epi li planifye pou esponsòrizasyon Tae pou li jwenn pwòp kat rezidans (grinkat) pa li. Ansanm, yo te touche \$79,000 ane pase (plis pase kantite minimòm pou fè deklarasyon).</p> <p>Yo pral fè deklarasyon kòm "marye ki fè deklarasyon ansanm." Deklarasyon yo an montre tou "bon karaktè moral" ak "prezans fizik" Ozetazini, sa ki pral ede avèk aplikasyon kat rezidans (grinkat) Tae a.</p>



<p>√ Manman ak pitit √ San papye √ Fè deklarasyon taks opsyonèl</p>	<p>Amara te touche \$14,000 ane pase pandan li t ap travay pou yon konpayi netwayaj kay. Ni li menm ni jenn pitit gason l lan pa gen papye, epi li pa gen plan pou aplike pou yon kat rezidans (grinkat). Li pa janm te gen kontak ak ajan imigrasyon, epi li panse gouvènman an pa gen adrès li.</p> <p>Paske li pa yon travayè endepandan epi revni li ba, li pa oblije fè deklarasyon taks. Apre li fin pale ak yon avoka imigrasyon, li deside pa fè deklarasyon taks ane sa a.</p>
--	---